ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№84 (24.522) • 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



# Архитекторым и илъэсым зыхуагъэхьэзыр

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек 2024 гъэр Архитектурэм и илъэсу республикэм зэрыщагъэувынум теухуа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, архитекторхэр, а унэтІыныгъэмкІэ егъэджэныгъэ ІэнатІэм и лІыкІуэхэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм къыхилъхьа Архитектурэм и илъэсыр хуэунэтІауэ щытащ абыкІэ щІэныгъэ зрагъэгъуэтыным цІыхухэр къыхуеджэным, зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм хуэфащэ гулъытэ яхуэщІыным икІи адэкІэ зегъэужьынымкІэ Іэхухэм тегъэгушхуэным. Илъэсыр купщІафІэу ирагъэкІуэкІыну я мурадщ, архитектурэм теухуа зэхыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщынущ: проектхэм я зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, щІэныгъэ-практикэ, егъэджэныгъэ конференцхэр. Республикэр хэтынущ архитектурэм теухуауэ къэралым щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэми. ЩІыналъэм и архитекторхэм я ехъулІэныгъэхэр къыхагъэщынущ.

КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ ящищІащ ирагъэкІуэкІыну зэхыхьэхэмрэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэмрэ я ІуэхукІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр и кІэм нагъэсыну.

«Ди республикэм къэрал, уней ІуэхущІапІэхэр, предприятэхэр ухуэнымкІэ, псэупІэхэр зэгъэпэщыжынымкІэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ. Къалэухуэ советым и лэжьыгъэм архитекторхэр, жылагъуэм я лІыкІуэхэр нэхъ жыджэру хэтын хуейщ. Къуажэхэм я теплъэр егъэфІэкІуэныр, къалэр тыншыпІэм хуэщІауэ щытыныр къызэгъэпэщыпхъэщ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІхэм я Іэзагъэм, щІэныгъэм тещІыхьауэ. Ар псом я дежкІи хабзэу щытын хуейщ», - щыжиІащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-напэкІуэцІым.

---

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

# Сабий зеиншэхэм я нэІэ трагъэт

**Налшык щекІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм Жылагъуэ Іуэхум зыщІэгъэкъуэнымкІэ и советым и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ Правительствэм и вице-премьер Хъубий Марат.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр **Асанов Алим**, УФ-м и Правительствэм ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и советым и къудамэм и унафэщІ **Береговая Еленэ**, КъБР-м сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэ **Лъынэ Светланэ** сымэ, министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр теухуат 2024 гъэр къэмыс щІыкІэ, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ якІэлъыплъ зэгухьэныгъэ псори зы унафэм зэрыщІагъэувэнум. Апхуэдэ ІуэхущІапІэхэм я нэІэ щІэтщ республикэм щыщу сабий 1269-рэ, абыхэм ящыщу 105-р унэ хэхахэм щопсэу.

**Хъубий Марат** къыхигъэщащ а къудамэм щылажьэ ІуэхущІапІэ псори зэгъэуІун мурадыр лэжьыгъэр ипэкІэ зыгъэкІуэтэну лъэбакъуэу зэрыщытыр. «Гъуэгу картэм» ипкъ иткІэ, зэхъуэкІыныгъэхэр 2023 гъэр имыух щІыкІэ зэфІэкІынущ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Мокаев Ашэмэз** жиІащ школ-интернат №5-м «Адэ-анэ зыщхьэщымытыж, зеиншэ хъуа сабийхэм якІэлъыплъынымкІэ центр» цІэр зэрихьэу ІуэхущІапІэ къызэрыщызэрагъэпэщынур. Абы къызэщІиубыдэнущ мы лъэныкъуэм щылажьэ къудамэ псоми я лэжьыгъэр. Иджыри къэс щымыІауэ ягъэхьэзырынущ интернатым щІэс сабийхэмрэ къыщІэкІахэмрэ якІэлъыплъыну ІэщІагъэлІхэр, унагъуэ-гъэсакІуэ гупхэр, сабийхэр зеиншэу къэмынэным ехьэлІа Іуэхухэр щрагъэкІуэкІынущ, ныбжьыщІэхэр я закъуэу псэуфу, жылагъуэ гъащІэм хэзэгъэфу ирагъэсэнущ. Къинэмыщіауэ, центрым дэлэжьэнущ сабий япІыну къэзыщтэ адэ-анэхэм, ныбжьыщІэхэм хабзэкІэ къащыщхьэщыжынущ. Курыт щІэныгъэм нэмыщІ, ІуэхущІапІэм сабийхэр щыхурагъэджэнущ иджыри ІэщІагъэ 13-м.

Береговая Еленэ фІыуэ къилъытащ сабийхэр унагъуэм ещхьу ягъэпсэуну зэрамурадыр. ЗэхъуэкІыныгъэхэр щхьэпэ хъунущ къэралым сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ яхуищІэр нэхъ тыншу икІи нэхъ псынщІэу яІэрыхьэнымкІэ, я ныбжьым елъытауэ, абыхэм щыпсэухэм ІуэхущІапІэхэр яхъуэжын хуей хъунукъым.

---

# Псэм уздишэр Хэкужьырщ

**Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэмахуэм къыщызэрагъэпэщ «Дунейм и ныбжьыщІэхэр» зыфІаща щІэныгъэ-щэнхабзэ лагерыр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкІэ, Президент грантхэм я фондым и мылъкукІэ мы гъэми зэгухьэныгъэм апхуэдэ бадзэуэгъуэ нэгузыужь къахуэзэригъэпэщащ Сирием щыщ сабий 25-м. НыбжьыщІэхэм зыщагъэпсэху «Горный родник» санаторэм.**

- ИОРДАНИЕМИ, Израилми, Сириеми, Тыркуми къитшурэ, ипэ илъэсхэм мыпхуэдэ лагерхэм сабий нэхъыбэ къэтшэфу щытащ, - жеІэ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Псори дызыщІэхъуэпс мамырыгъэр тепщэ хъужмэ, дяпэкІи ар зэдгъэхъулІэфынущ.

Мы гъэм къэрал щІыбым щекІуэкІ Іуэхухэри, Тыркум къыщыхъуа щІыхьэйри я щхьэусыгъуэщ сабийхэм я бжыгъэр зэрынэхъ мащІэм, тхьэмадэм зэрыжиІэмкІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щрахьэкІыну махуэ 21-м сабийхэм я нэгу зрагъэужьыну къудейкъым. НыбжьыщІэхэм папщІэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ дерсхэр ирагъэкІуэкІынущ. «Горный родник» зыгъэпсэхупІэм гъэмахуэр щрахьэкІ нэгъуэщІ щІыпІэ къикІа сабийхэми, аращи, дерсым щызрагъащІэр уэршэрым щыщІагъэбыдэжыфынущ цІыкІухэм.

- Сабийхэр ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэралхэрщ къыздикІар, - пещэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и гупсысэм. - Ди деж гъащІэр зэрыщекІуэкІым щыгъуазэ защІыну, абы зэрызыхагъэзэну щІыкІэм хуэдунэтІыну дыхуейщ цІыкІухэр. НыбжьыщІэхэм щапхъэфІ егъэлъагъупхъэщ. Псори дызэкъуэту, ди акъыл зэтехуэу дызэдэпсэунур зэрынэхъыфІыр къагурыдгъэІуапхъэщ абыхэм. ЗэрыхъукІэ цІыху нэхъыбэ къэтшэжыну ди мурадщ, дэтхэнэ зыми ди Хэкушхуэр иригъэфІэкІуэну, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ зрагъэубгъун хуэдэу.

Зэгухьэныгъэм лъэкІ къигъэнэнукъым сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр ягу къинэжын щхьэкІэ. Сэхъурокъуэ Хьэутий фІыщІэшхуэ яхуещІ «Горный родник» санаторэм и лэжьакІуэхэм. ГъэсакІуэхэмрэ вожатэхэмрэ я пщэ къыдэхуэ жэуаплыныгъэм и инагъыр фІыуэ къагурыІуэ, лъэпкъым и щІэблэм я пщэдейрей махуэр ялъагъу.

- Урысейм дэтхэнэ лъэпкъми и пщІэр щылъагэщ, псоми щІыхь щыхуащІ. Дэри абы щыпсэухэм я тхыдэм, я псэукІэм щыгъуазэ зытщІыпхъэщ. Мыдрейуэ, Чувашиеми, Тэтэрстанми, Къэбэрдей-Балъкъэрми урыс щэнхабзэм и мыхьэнэр фІыуэ къащыгурыІуэ. Ди зэкъуэтыныгъэрщ ди сабийхэм я къэкІуэнум и лъабжьэр, - жеІэ ДАХ-м и тхьэмадэм.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр, Сэхъурокъуэм зэрыжиІэмкІэ, ныбжьыщІэхэм я Хэкужь фІыуэ ялъагъу, я гур я адэшхуэхэм я къежьапІэм кІэрыпщІауэ ягъэзэжыныр, дэтхэнэ зыри и псэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къишэжын хуэдэу.

**КЪУДЕЙ Іэминэ.**



## ЩIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж цIэрыIуэ, цIыхубэ тхакIуэ Нало Заур къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу

# ГъащIэм зезыгъэузэщI фIыгъуэр зи тыгъэ

НАЛО Заур 1928 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 14 ныбжьым иту абы колхозым лэжьэн щыщIидзащ. 1952 гъэм, Къэбэрдей къэрал егъэджакIуэ институтыр къиуха нэужь, зэфIэкI зиIэ щIалэщIэр ирагъэблэгъащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм. 1954 гъэм къыщыщIидзэри 2008 хъуху ар щылэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым, 1979 - 1987 гъэхэм IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ.

Налом ди къэралым, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа конференцхэм, зэIущIэхэм щищIа докладхэр, и щIэныгъэ, литературэ-критикэ, публицистикэ тхыгъэхэр 200-м щIегъу. Абыхэм яхэтщ адыгэ филологиемрэ щэнхабзэм и тхыдэмрэ ехьэлIа монографиеу, тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэу блы. Апхуэдэу Налом и унафэм щIэту дунейм къытехьащ «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хъыбархэр». Абыхэм къадэкIуэу щIэныгъэлIым игъэхьэзыращ икIи къыдигъэкIащ «Бахъсэней узэщIакIуэхэм я щэнгъасэр», «КIуащ БетIал. Тхыгъэхэр», «Елбэд Хьэсэн. Гукъинэж», «Нало Жансэхъу и литературэ щIэинхэр», «Къылышбий Исмэхьил. МафIэм имыса усэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Нало Зауррэ КъардэнгъущI Зырамыкурэ къыдагъэкIащ «Къэбэрдей поэзием и антологие» (1957). «Ипэрей адыгэбзэ литературэм и антологие» тхылъымкIэ а лэжьыгъэм пищащ. Ар яхэтащ IуэрыIуатэр зэхуахьэсыжу адыгэ щIыналъэхэм щылэжьа щIэныгъэлI гупхэм, икIи цIыхубэм къадэгъуэгурыкIуэ IуэрыIуатэ хъыбар куэд итхыжащ. Иджы ахэр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэ архивым и гъэтIылъыгъэ лъапIэщ. Налом и «Институт джегуако» тхылъми а лэжьыгъэшхуэращ лъабжьэ хуэхъуар. Адыгэ таурыхъхэр литературэ пщалъэм къигъэзэгъэным, нэгъуэщI лъэпкъхэм я таурыхъ нэхъыфIхэр зэдзэкIыным ехьэлIауэ зэфIигъэкIам и мыхьэнэр зыхуэдизыр къыпхуэлъытэнукъым.

Нало Заур и лэжьыгъэхэм уагъэлъагъу ар IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI, куэдым щыгъуазэ щIэныгъэлIым зэриIэдакъэщIэкIыр. Абы IуэрыIуатэм, цIыхубэ гъуазджэм, мифологием, тхыдэм, литературэм триухуа тхылъхэр иджырей кавказ щIэныгъэм и лъагапIэхэм ящыщщ. Абыхэм Налор щIэныгъэлI цIэрыIуэ дыдэхэм хабжэ ящIащ.

Лъэпкъ щэнхабзэм дежкIэ и мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым Налом и литературэ лэжьыгъэми. Абы и новеллэхэмрэ и усэхэмрэ адыгэ литературэм и классикэм щыщ хъуащ. Ахэр адыгэхэм я тхыбзэ гъуазджэм и щапхъэу къалъытэу школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щадж. ТхакIуэм къигъэщIа образхэм философие купщIэ ин яIэщ, и бзэр адыгэбзэм и фIыпIэщ.

ЩIэныгъэ ин зыбгъэдэлъа лIы щэджащэм IуэрыIуатэм, литературэм



телэжьэн щIэбли игъэсащ. Ар лъэпкъ IуэрыIуатэр зэрыджын хуей щIыкIэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа цIыхущ.

Нало Заур гулъытэшхуэ хуищIырт егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ епха Iуэхухэм, курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ ищхьэхэмрэ зэрыщрагъэджэн хуей щIыкIэм теухуа тхыгъэ куэди и Iэдакъэм къыщIэкIащ. Абы апхуэдэу зэхилъхьащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа, пэщIэдзэ, курыт классхэм щIэс сабийхэм яджын IуэрыIуатэ, литературэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр.

Нало Заур зи хэкумрэ зи лъэпкъымрэ, нэгъуэщI лъэпкъхэри фIыуэ зылъагъу цIыхут. Абы зыхищIэрт лъэпкъыбзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ я Iуэху зыхуэкIуэнумкIэ, щалъхуа республикэм зиужьынымкIэ жэуаплыныгъэ и пщэ зэрыдэлъыр. Къэралым и Iуэху зэблэкIыгъуэ хъуа 1990 гъэм и пэщIэдзэм, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату щыщытам, ар къэуващ адыгэхэм я бзэмрэ щэнхабзэ щIэинымрэ хъумэным нахуэу къыщхьэщыжахэм ящыщу, «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи и япэ унафэщI хъуащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм яхэтащ. Интеллигент нэсу, ерыщагъ хэлъу пэжымрэ захуагъэмрэ щIэбэну, и лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэм лIыгъэ къигъэлъагъуэу хуэлажьэу сыт щыгъуи псэуащ.

И гъащIэм и иужьрей махуэр къэсыху Нало Заур мыувыIэу лэжьащ. Абы мурадхэр, гупсысэщIэхэр и куэдт. Ар лэжьыгъэкIэ жыджэрагъ мыкIуэщI, хьэл-щэн дахэрэ нэмысрэ зыхэлъ цIыхут, егъэджакIуэм фIы и лъэныкъуэкIэ ехьэлIа псом и щапхъэу.

**ИСТЭПАН Залинэ**.

НАЛО Заур

# ТехьэпщIэ

Новеллэ

ДЫГЪУАСЭРЕЙ уэшхышхуэм къундэтей гъуэгум и сабэр зэхипщэжри, нобэрей гухэм, шыхэм, лъэсхэм ар ягъэдэхэж нэхъей, тхыпхъэщIыпхъэу япкIыжат - шэрхъ лъэужьхэр занщIэу ишауэ, лъакъуапIэхэр зэкIэлъхьэужьу ирикIуэу. ШэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ Къылышбийхьэблэ, шы дэгъуитI щIэщIауэ, зы тешанкIэ къыдокIри къухьэпIэмкIэ еунэтI, упщIэ пыIэ гъуабжэшхуэ зыщхьэрыгъ гущхьэIыгъым нэмыщI, цIыхубзитI игъэщIеикIауэ ису. ГущхьэIыгъым и чнутI ухуэнар егъэкIэрахъуэ, пцIэгъуэплъитIыр мэущ, цIыхубзитIым я нэхъыщIэр, и Iэ сэмэгур тешанкIэ дамэм трилъхьауэ, мэщхьэукъуэ; адрейм и щхьэ кIыхьыр гъэкIауэ щысщ, тешанкIэр дэуеиху къыхэщту...

Бэчмырзэ нэщхъейуэ Налшык къикIыжырт. Нышэдибэ и жьгъей тIэкIур зэщIикъуэри къалэм кIуат ар, нэхъ пудыIуэу техьэпщIэ къищэхуну. Нэмыцэми, журтми, урысми я тыкуэн цIыкIухэр къызэхикIухьащ, бэзэрри щIищыкIащ, ауэ къилъыхъуэм хуэдэ игъуэтакъым: игу ирихьыр и жьгъейм къыщIэкIыртэкъым, и жьгъейм къыщIэкIыр езым игу ирихьыртэкъым. ЩIыхуэу къезытыни сондэджэрхэм къахэкIыртэкъым. И мурадыр къыщемыхъулIэм, Бэчмырзэ игукIэ хъуанэри къежьэжащ.

Бэчмырзэ и ныбжьэгъу пажэм къиша нысэм темыхьэныр емыкIушхуэт, IэнэщIуи техьэ хъуртэкъыми, и псэр гугъу ехьырт, нобэпщэдей жиIэм, пIалъэр игъэIэпхъуэурэ, игъэгувэщат. Ар нэгъуэщI лIыжьу щытамэ, зыфIигъэIуэхунутэкъым, апхуэдэ хабзэ зэрыщыIэр имыщIэжыххэ нэхъей, ауэ усакIуэжьым псэжьыфэ зытригъэуэфыртэкъым, и напэр здихьынур ищIэртэкъым, уэрамым къыдыхьамэ, «мор иджыри къэс ныбжьэгъум и нысэм техьакъым, и жыпыIур зэвщ», - жаIэу цIыхухэм Iэпэ къыхуаший фIэщIурэ, и щIыбыр тхытхырт, и напэр сырт...

Бэчмырзэ къундэтей гъуэгур къыщызэпиупщIыжым, и лъэр зыгуэрым иубыда нэхъей, къызэтоувыIэ; ежьэжыну хуожьэ, зыгуэрым иутIыпщыркъым. Мыр сыт хьэлэмэт жыхуиIэу, нэбгъузкIэ еплъэкIмэ - шэрхъ лъагъуэм дыгъэм пэлыду зыгуэр телъщ. Бгъэдыхьэпэрэ еплъмэ - ар дыщэпскIэ лауэ дыжьын Iэпщэхъут, мыщIэ зэмыфэгъухэр тезу: и кум деж, дэп хуэдэ, мыщIэ плъыжьышхуэ тесщ, и бгъуитIымкIи мыщIэ зэбгъурыс цIыкIухэр йох, япэ итхэр щIыху дахэу, къыкIэлъыкIуэхэр удзыфабзэу, гъуабжэу... «Алыхьалыхь, - жи усакIуэжьым игукIэ, - си жьгъей тIэкIури къысхуэнэжауэ, техьэпщIэм я нэхъ телъыджэри Тхьэм къызитауэ - сыту махуэ угъурлыт мы нобэрей махуэр! Сыту гъуэгу махуэ сытеувэт нобэ!»

Бэчмырзэ къуажэм дыхьэжатэкъым и гум шэч къыщищтам. Абы зэ шэч ищIамэ, псэху иIэжтэкъым, пэжыр къигъуэтыху - ар усэ псалъэ ирехъу, ар вагъуэм я зекIуэкIэ ирехъу е Къылышбийхьэблэрэ КъалэкIыхьымрэ я кум лъэбакъуэбжыгъэу дэлъыр ирехъу... Зэгуэрым, жаIэж, вакIуэихьэж тхьэлъэIум здыхэтым, и щхьэм къищхьэрыуэщ аби, бжэгъу хитIэри, и ныбжьэгъухэм баз япихьащ: «Лъэбакъуэ минкIэ сыIукIынщи, си щIыб къэгъэзауэ, зэ сыкъызэмыплъэкIыу сыкъикIуэтурэ, мы бжэгъур си блэгъукIитI зэхуакум дэзгъэувэнщ», - жиIэри.

- Щынэ пшэррэ махъсымэ фэндырэрэ зэпралъхьати, а махуэм Бэчмырзэ и базыр иригъэхьащ - сыт имыщIэми бжэгъур худэгъэувакъым и блэгъукIитI зэхуакум. Ауэ тхьэлъэIу махуитI къэнэжам, псэху имыIэу зигъасэурэ, зыхуейм и Iэр лъигъэIэсащ. Ещанэ махуэм и шэджагъуэм, усакIуэм и нитIыр иригъапхэри, къикIуэтурэ, бжэгъур блэгъукIитI зэхуакум дигъэуващ. ЕтIуанэуи дигъэуващ! Ещанэуи! А хъыбарыр лIыжь Iэнэм щынэсым, Бэчмырзэр ираджэри батырыбжьэ къратыгъащ. Сэ слъэгъуакъым. ЖаIэжу зэхэсха къудейщ.

Ноби лIыжьым шэч къыщIихьым, и псэ ерыщыр къыщыхьауэ арат: «Ар дауэ? - жи игукIэ. - Уэлэхьи, Алыхьым Iэпщэхъу къридзых и мыхабзэ. Абы кърипдзыхмэ, кърипдзыхыр е гъэмахуэ уэшхщ, е гъавэ бэвщ, е Iэщ бэгъуащ, е узыфэ гуэрщ... НтIэ, мыр къыздикIар дэнэ? - жиIэурэ Iэпщэхъур егъэкIэрахъуэ, зэпеплъыхь. - Тобэ Алыхьыр зыщIэн, мыр зыгуэрым фIэкIуэдауэ аракIэ! Ар зыфIэкIуэдами иджыпсту и хьэдагъэм!»

Iэпщэхъур къыщигъуэта дыдэм деж къегъэзэжри, Бэчмырзэ гъуэгур гупсэхуу къепщытэ - шэрхъ лъагъуэхэри, Iэщ лъэужьхэри, цIыху лъакъуапIэхэри: «Мыпхуэдэ хьэпшып лъэсым къыкIэрыхуныр игъуэджэщ, - жи. - Щай къихункIэ хъунщ жып гъуанэм, сэ къыкIэрыхунми хуэIуа щыIэкъым, ауэ мыпхуэдиз зи инагъыр, зи лъапIагъыр дауэ жыпым къихун, къихуми, зейм гу лъимытэу дауэ къэнэн? Хьэуэ, - жи, - мыр лъэсым къыкIэрыхуакъым... - Бэчмырзэ гу лъагъуэхэр къепщытэ: - Выгум къыкIэрыхун хуейкъым мыпхуэдэ цIуугъэнэ... Iыхьы, мыр зыбгъурылъар мо лъэужь псыгъуэращ. Ар зи псыгъуагъэр тешанкIэ лъэужьщ, нэгъуэщIкъым. Iыхьы, мыр зеяр а тешанкIэм иса бзылъхугъэу къыщIэкIынущ. Дэнэу пIэрэ а тешанкIэр къыздикIари здэкIуари? Мис, мис, тешанкIэшым и лъакъуапIэри... КъундэтейкIэ макIуэ...»

УсакIуэжьыр тешанкIэ лъэужьым бгъуроувэри КъундэтейкIэ еунэтI. «Дэнэу пIэрэ мыбы сыздишэнур? - мэгупсысэ ар. - Лъэужьыр къэмыувыIэу Псыхуабэ кIуэмэ, сыт сщIэнур? Згъэзэжыну?.. Яхуэсхьыжыну.. Яхуэсхьыжрэ сагъэтIысмэ? ПщIэнукъым узыхуэзэнур... Къэбдыгъуат жаIэрэ къотхьэкъумэ е уагъэтIысмэ?.. Хьарзынэт Къундэтей къыщыувыIэмэ... е Кушмэзыкъуей... е Тыжьей... е Дыгулыбгъуей... Уэлэхьи, дауэ хъуми, Ашэбей сыфIэмыкIын! - Бэчмырзэ къызэщIоувыIыкI: - Iау, мыр зейр къэзмыгъуэтмэ, сыт сщIэнур? Хамэ хьэпшыпыр техьэпщIэу пты хъурэ? Ар зы зэман зэ зейм къицIыхужмэ, дауэ зэрыхъунур? Къэздыгъуауэ ягъэIункъэ! ЦIыхум нэхъ Iейр нэхъ я фIэщ мэхъу: дауэ зыбухеижын?»

Апхуэдиз гупсысэ къыхэкIыну и гугъакъым Бэчмырзэ а Iэпщэхъум. ЕгупсысыхукIи и псэм нэхъ къытохьэлъэ. ХыфIэздзэу щхьэ сымыкIуэжрэ, щыжиIи къохъу. ЖиIэ щхьэкIэ, ар зэримыщIэфынури къыгуроIуэж. Апхуэдэурэ здэкIуэм, тешанкIэ лъагъуэр Къундэтей дохьэри, гу лъэужь куэдым яхокIуэдэж. Тхьэр имыгъэпцIамэ, зэ мыхъуми зэ дидзыхынкъэ, зэрыдидзыхыу дэнэ кIуэн! - къэзубыдыжынщ, - мэгугъэ Бэчмырзэ. Лъэужьми, лIыжьыр куэдрэ зыпимыгъаплъэу, дедзыхри наIуэ къохъуж: шэрхъ сэмэгум и шинэр зэпигъэжьэжати, абы и дыркъуэр зыми хэгъуэщэнутэкъым. ТешанкIэр, кIэщIу къигъэшщ аби, удзыпцIэ пщIантIэшхуэм дыхьэри, гуэщым щIэуващ. ЩIэтт. «Iыхьы, Кушмэзыкъуей сымыкIуэу, Ашэбеи сынэмысу си Iуэхур зэфIэкIа хуэдэщ, - жи абы игукIэ. - Тхьэм жиIэмэ зэфIэкIа сфIощI. Си Псыхуаби къэткъым...»

УсакIуэжьыр куэбжэ цIыкIумкIэ дохьэ, кхъуэщынащхьэу чырбыш плъыжь унэм бгъэдохьэри - унэм зэрыгъэкIий макъ къыщIоIукI: - зы макъыр - магъ, мэтхьэусыхэ, адрейр - мэшхыдэ, мабгэ. Бэчмырзэ тхьэкIумэ жан щхьэкIэ, псалъэхэр зэхищIыкIыркъым, итIани абы шэч иджы къытрихьэжыркъым Iэпщэхъур и унэ къызэрекIуэлIэжам. Ар пырхъуэ пкъом тоуIуэ хьэмкIутIей башымкIэ. Зэхахыркъым. Ерыщу тоуIуэ. Зэхахыркъым. Инату тоуIуэ. ЗэрыгъэкIий макъыр мэувыIэ.

Куэд дэмыкIыу, унэбжэр къыIуехри фыз тIорысэ къыщIокI, и щхьэ кIыхьыр гъэкIарэ и бостеикIэр илъэфу. И нэкIу гъуабжэр куэду мыарэзыт, ауэ и макъыр егъэщабэри:

- Неблагъэ, - жи, - ди хьэщIэщыр мобыкIэщ. Ауэ езым ухуеймэ, езыр щыIэкъым.

Бэчмырзэ, зэрихабзэу, гуащэр набдзэгубдзаплъэу зэпеплъыхь. Езыри, гурыщхъуэ гуэр ищI хуэдэ, къыжьэхоплъэ.

- Уэ хэт ухъуну, хьэщIэ? Услъэгъуа хуэдэу къысфIощIыж, ауэ укъысхуэцIыху...

УсакIуэжьым зыкъызыкъуехри:

- Сэ сыуэхьийщ, - жи, и жьакIэ тIэкIум Iэ делъэри.

Гуащэр къоуIэбжьри, и нэр шейщIэт хуэдиз мэхъу.

- Уэ узэрымызахуэм и щыхьэту си Тхьэм сыкъигъэкIуащ.

Гуащэр Iэнкунщи и Iупэхэр мэкIэзыз.

- Iэпщэхъур зейр къеджэт.

- Ар дэнэ къыщыпщIа? - гуащэм и фэр покI. - Сэр дыдэм ар зэрыкIуэдар иджыпстущ къыщысщIар, на-а!

- Къеджэт, гуащэ, хъыджэбзым!

- Фаф! - жи гуащэм. - Къажэ мыдэ! Телъыджэ къэхъуащ, нур.

Дарий бостей плъыжьри щимыхыжауэ, и хъыджэбз пыIэ цIыкIури щхьэрыгъыу пырхъуэм къытехьа хурыр Бэчмырзэ къыщыхуэгуфIэм, лIыжьыгури къэпIэтIэуат, арщхьэкIэ усакIуэр хъыджэбзылIу щыщыта зэманыр хьэрэкъуакIэ дыхьэжакIэт. Бэчмырзэм зызэтреуIэфIэж; и жыпым йоIэбэри, бэлъточу фIеишхуэ, дыгъэ къыкIуэцIих нэхъей, Iэпщэхъу лыдыр къыкIуэцIех аби, пщащэм хуеший.

- Мыр ууей хьэмэрэ сыщыуа?

- Тхьэ, ущымыуа, дадэ махуэ, мыр нышэдибэ сIэпыхуу кIуэда си Iэпщэхъурамэ!

- НтIэ, Тхьэм и нэфIыр къыпщыхуэри къыпхуигъэхьыжащи, дяпэкIэ хуэсакъ!..

Бэчмырзэ и башыр и щIыб ирилъхьэжауэ къыщыдэкIыжым, гуащэнысэр къыкIэлъоджэ:

- А, уэхьий! Моуэ къэгъазэт, уэхьий! Мы гуфIапщIэ тIэкIур сIыхыт, уэхьий! - жиIэурэ.

Бэчмырзэ ауи хуеплъэкIакъым.

Тхьэмахуэ дэкIа, мазэ дэкIа - сытми, зы пщыхьэщхьэ гуэру Бэчмырзэ псыгъажэ къикIыжу, и ныбжьэгъужьыр къэIэбащ, усакIуэм и Iэблэр иубыдри, пщIантIэм дилъэфащ. Бэчмырзэ и лъэдакъэпитIыр фIигъанэ пэтми, мор къытекIуэщ аби, лъэщыгъэ защIэкIэ унэм щIилъафэри, нысащIэм и пащхьэм иригъэуващ. Щауэм фIэкIа къэмынэу, унагъуэр пэшым къыщIоплъэ хэт бжэр дамэдазэ ищIауэ, хэт лъапэпцIийуэ щхьэгъубжэм къыIуувауэ, хэти кхъужьейм и Iэдэмашэм тесу. УсакIуэ лIыжьыр, жиIэнури ищIэнури къыхуэмыгъуэту, унэкум кIэрахъуэу итщ.

Фымыгузавэ, ар щы-БэчмырзэкIэ хэкIыпIэ гуэр къигъуэтынщ.

*22.07.2000 гъэ*

# Къру закъуэу уэгум къремынэ!



**Нало Зауррэ и лэжьэгъухэмрэ Урыху щохьэщІэ**. *1974 гъэ*



**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэр Иорданием и пащтыхьыкъуэ Хьэсэн бен-ТІалал и деж щыІэщ**. *Амман, 1999 гъэ*

ГъукІэныр япэ дыдэ цІыхум ІэщІагъэ хуэхъуахэм ящыщщ. Пасэм ар ІэщІагъэ къудейуэ мыхъуу, мэгъуэгъэу къалъытэрт. Апхуэдэу щІыщытыр мафІэр - дунейм и къэхъугъэхэм ящыщу нэхъ Іэубыдыпlэншэр, шынагъуэр - къагъэІурыщІэурэ гъущІыр жыІэдаІуэ зэращІыфыр арагъэнут. Сыджым телъ гъущІ плъам уадэкІэ еуэху, хъуаскІэр къыпылъэлъырт. ХъуаскІэм къыщалъэтыхь кІыщыр къуажэм пэІэщІэу, нэхъыбэм псы ежэхым пэгъунэгъуу щытти, абы нэхъри гурыщхъуэ къыхэкІырт мы ІэщІагъэр зыІэщІэлъхэр адрей цІыхухэм емыщхьу. А ІэщІагъэ хьэлэмэтым пэрыта, «и уадэр уэрэд жиІэу, къигъафэу, мо хужьу плъа гъущІым зэрытехуэу, хупхъэм тхьэвыр зэрыхихум хуэдэу, хихуу, зыхуеймкІэ хуигъакІуэу» кІыщым щІэта цІыхум уадэ хьэлъэр къыІэщІэпхрэ Іэпэрытхэр ІэщІэплъхьэмэ, сыту пІэрэ къэхъунур? Къэхъунуращи, тхакІуэ, усакІуэ хъунущ. Хъунущ жьакІуэ. И гупсысэкІэ жаным мэгъуфэ къытригъауэу, и псалъэ пэжым цІыхупсэм теплъэ ириту, къигъэщІ лІыхъужьхэр хэти фІым и ІэщакІуэрэ ем и лъыхъуакІуэу, хэти фІым и ІэщакІуэр зыпэщІэт ем и лэжьакІуэрэ гущыкІыгъуэу. Ар-тІэ зэсар махуэм хъуаскІэр къыпылъэлъу «тхьэм ибгынэжа гъущІ кІапэжьым псэ хилъхьэрэ» хьэпшып щхьэпэ къыхищІыкІыущ, жэщым пщІыхь дахэ епщІыхьущ.

ЖыхуэтІэ псори зыбгъэдэлъар, зылъэкІар Нало Заурщ. Ар кІыщым къыщІэкІащ гъущІым хуэдэу и хьэлыр псыхьауэ, зыри зыкІи зыщымыгугъыж гъущІ кІапэм псори зыхуэныкъуэ хьэпшып дахэ къыхищІыкІыу зэрыщытам хуэдэу, и псалъэ Іущ, шэрыуэмкІэ цІыхум я гум дахагъэм абгъуэ щригъэщІыфу, зыр адрейм хуэныкъуэ ищІыжыфу, Іеймрэ фІымрэ зэхагъэкІыу фІым и телъхьэ хъуну къыхуриджэу. Заур гъукІэу къэнащ. Іэмэпсымэр ихъуэжауэ аркъудейщ. Тыншкъым лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыну гупсысэ нэхъыщхьэр адрей псом къыхэбгъэщхьэхукІыу, цІыхум я деж нэсын псалъэкІэ къару щІэплъхьэну. Нало Заур емызэшыж, щІемыгъуэж гъуазэу лъэпкъым иІащ, псом нэхъапэр щІэныгъэрауэ езым и щыІэкІэмкІэ нахуэ ищІрэ къигъэщІ образхэмкІэ щІигъэбыдэжу. ЩІэныгъэу щыІэм ящхьэжыр анэдэлъхубзэр фІыуэ пщІэныр зэрыарар псэуху къытригъэзэжурэ жиІащ, а гупсысэр «сэ сыадыгэщ» жызыІэ дэтхэнэми и гум щипсыхьу. Налом и щІэныгъэ лъэщапІэм къыщІэкІа беягъым адыгэ дунейр зэІузэпэщ ищІыфынущ, абы къыщылыда гупсысэхэм я хъуаскІэм адыгэ дунейм къуапэлъапэу иІэр къигъэнэхунущ. Джын, зэгъэщІэн хуейуэ аркъудейщ.

И щІалэгъуэм кІыщым щыщІэтамрэ адэкІэ къигъэщІа гъащІэр тхэным зэрытриухуамрэ зэпыхыпІэ имыІэу зэрызэпытыр шэчыншэ ещІ езыми гъукІэр мызэ-мытІэу и рассказхэм лІыхъужь зэрыщищІам, цІыхур зыгъэцІыху щытыкІэ дахэу щыІэр абы зэрабгъэдилъхьам.

«Къру закъуэ» зыфІища тхылъыращ Налор зэи ІэщІыб ямыщІыжыфын тхакІуэу тхылъеджэхэм къезыгъэцІыхуар. А фІэщыгъэцІэ дыдэр зезыхьэ новеллэм къыщытцІыху Къэжэр ХьэкІашэ адыгэ литературэр мыхъуу, дунейпсо литературэм къигъэщІа образ нэхъыфІхэм ящыщщ. ЦІыхугъэ нэгъэса зыхэлъ, и къуажэгъухэм я деж емыкІу гуэр къыщихьынкІэ гузавэу, къыхуей хъухэм асыхьэту къагъуэтын хуейуэ къэзылъытэ гъукІэм и гъэсэн БлутІ, «кІыщым лэжьыгъэ щІэлъкъым, сыт щытщІэнур?» щыжиІэкІэ, жэуап ирет: «...Догуэ, зыгуэрым и фІанэ къутауэ къокІуэ, лІо пщІэжынур? Уи напэр текІакъэ?» Шыр теувэхукІэ тхыпхъэ тезыдзэ налым гъущІ кІапэр хуэзыгъакІуэ ХьэкІашэ и гъэсэным игуми тридзащ напэм, укІытэм, хьэтырым, зэхэщІыкІым, щысхьым я нагъыщэ. Хэгъэзыхь хэмылъу, уэршэр защІэкІэ щІэныгъэм и ІэфІыр зыхригъэщІащ, псалъэр игъэджэгуурэ, зыпэмыплъэхха упщІэ къыхуигъэувурэ гупсысэкІэ иригъэщІащ. ЩоджэнцІыкІу Алий, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил сымэкІэ литературэм и гъунапкъэхэр зэрымыгъэбыдам щыгъуазэ ищІащ. ХьэкІашэ и кІыщым гъущІхэкІым къыхэпщІыкІ хъуну хьэпшыпу цІыхум къыщамыгъуэта къэнакъым, ауэ а псори зэ лэжьэжынут, къутэжынут, сыт хуэдэу Іэзэу ар гъукІэм имыщІами. Ауэ БлутІ къыхилъхьар мыкІуэдыжын, мыкІуэщІыжын, мыужьыхыжыну лъэпкъым деж къыщыщІидзыжащ. Мыбдежым гугъу мэхъу новеллэм хэт лІыхъужьымрэ ар зи гупсысэ къыхэтэджыкІа тхакІуэ дуней нэпцІу жыхуаІэм щыпсэумрэ щхьэхуэныгъэ гуэр яку илъу къэпхутэныр. БлутІ и нэкІэщ и гъукІэм дызэреплъыр, Налом и псалъэ къэуатхэмкІэщ а тІум я хьэлэмэтагъыр къэІуэта зэрыхъур.

ЦІыхум и гъащІэр щыз хъун папщІэ ар зыхуеину хъуар бгъэдэлъыт ХьэкІашэ: зыми хуэмыдэ ІэщІагъэ, къызэрымыкІуэ гупсысэкІэ, ІэпэІэсагъэкІэ къилэжьа пщІэшхуэ, щІэныгъэ куу, гушыІэ дахэ, хуэфэщэн тхІиягъ... Ауэ сыт мы лІыжь Іумахуэм гущІэгъу хуэтщІу новеллэр щІиухыр? Нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэныкъуа гуэр къимыгъуэтауэ къыпщохъу. ЖимыІэ гуэр псэкІэ псэуху игъэва хуэдэщ. Абы гъущІым къыхищІыкІат къру закъуэ, уэгум иту жьым хэсыхь фІэкІа умыщІэу. И дамэшхуэхэр щІеупскІэ, и пщэмрэ и лъакъуэхэмрэ укъуэдиящ. И дамэ Іэтахэр тІэкІу къызэрыгъэша щІыкІэм псэ хэту къыпфІегъэщІ. «Сурэтым псэ зэрыхалъхьэ Іэмал дэнэ къыщищІар ХьэкІашэ - игъащІэм сурэт зымыщІа, ящІуи зымылъэгъуа ХьэкІашэ?» - егъэщІагъуэ БлутІ. АрщхьэкІэ... КъыкъуэкІащ зы лІы гъум кІэщІ, къру сурэтыр зыщІар ХьэкІашэу къыщищІэм: «Ау-у-у-! Ар дауэ уи псэм дэхуа?...», - жиІэу. ГъукІэм и къру закъуэр сыдж упщІапхъэм трилъхьэри цІыкІу-цІыкІуу зэпигъэлъэлъыжащ. ХьэкІашэ и Іэр зыхуихьыжа хуэдэу мэІу а псалъэхэр. Сыту гущІыхьэ укъызыгурыІуэн уимыІэныр! ДалэфІ дэкІауэ щызэхуэзам, БлутІ и гъэсакІуэм къыжриІэгъауэ щыта псалъэ шэрыуэхэр игу къыхуигъэкІыжат: «Къру закъуэр уэгум къинэмэ, кІуэдыгъуафІэ мэхъу, лІы пелуаныр закъуэ хъуамэ, сабий хуэдэ къонэ!» И ІэдакъэщІэкІ телъыджэр щызэпигъэлъэлъыжам нэхърэ мынэхъ мащІэ гуауэ хэлъщ ХьэкІашэ абы иритыжа жэуапым: «Иджыри къэс пщІэжрэ ар, БлутІ?!» И пащІэ къетхъухам нэщхъейуэ къыщІэгуфІыкІ хуэдэу ищІат.

ХьэкІашэ езым и дуней иІэжт, уэрэд, усэ, хъыбар хьэлэмэт, псалъэ дахэ, гурыщІэ куу, щІэныгъэ зэпэщ щызекІуэу. Ар езым и псэ закъуэр щыхъуапсэ дунейт... Хишэн, хыхьэфын иІакъым. Хъуреягъым щыІэм къызэралъытэмкІэ, псэ зыІутым и сурэт пщІы хъунутэкъым, гуэныхьт, жыхьэнмэт.

Езым и сурэтщ ХьэкІашэ ищІар. «Си закъуэпцІийуэ уэгум ситу, сыгузавэу, сыджэу, си гъусэхэр кІуэдарэ сымыгъуэтыжу, сышынэу, сыпІейтейуэ Іэджэрэ пщІыхьэпІэу слъэгъуащ», - къыжреІэ абы БлутІ. Апхуэдэуи ихьащ и гъащІэр. Ауэ, и нэгу къыщІыхьэмкІэ, и къэухьым къиубыдымкІэ, и псэр зыхуэпхъэрымрэ и гущІагъщІэлъхэмкІэ зыдэгуэшэн акъылэгъу имыІами, и хъуахуэ зытрихьа щыІащ: БлутІ къыхэкІащ ар зыщІэхъуэпсар зыгъэзэщІэн дарэгъу. ГъукІэгъэсэныр хъуащ ІэпщІэлъапщІэ, щІэныгъэрылажьэ, гущхьэ гъэсэныгъэ лъагэ зиІэ, къэухь Іузэ зиІэхэр зыузэщІ, гуэныхьыр, сурэт щІыныр мыхъуу, нэгъуэщІ щытыкІэ гуэрхэм зэрепхар езыми къыгурыІуэу, нэгъуэщІхэми къагуригъаІуэу. Мис мыбдежи зэхэгъэкІыгъуей щохъу литературнэ лІыхъужьыр щиухымрэ дуней нэпцІым щыпсэу цІыхум къыщыщІидзэмрэ. Абы наІуэ къещІ Налом и творчествэр гъащІэм зэрыпыщІар, зытетхыхьхэр абы къызэрыщигъуэтар, ауэ, дауи, дигъэлъагъур а къигъуэтахэм трищІыкІа сурэт къудейкъым, атІэ философие, психологие, тхыдэ пэж и лъэныкъуэкІэ узэда Іуэхугъуэхэмрэ образхэмрэщ.

Нобэрей махуэр зыхуэныкъуэ цІыху гъэсэкІэ телъыджэ щыдолъагъу «ГъукІэкъуэм и лІыгъэ закъуэ» новеллэм. Абы къыхэщ гъукІэ лІыжьым и къуэм къыхузэкъуих ткІиягъым хуэдэ иджырей адэ-анэм къалъыкъуэкІыныр узыщымыгугъынщ. Къэухьым къриубыдам елъытащ гур зыхуэпхъэрыр: ди Іуэху еплъыкІэр, гурыІуэкІэр, тхэлъ хабзэр. Сытым къыпкърыкІа гъукІэм шхуэр къищтэу и къуэр ешыху иукІыныр, щІалэр зэрыгушхуэ и пащІэр иупсын хуейуэ унафэ хуищІыныр, псом ящхьэжращи, лІыгъэ зехьэпІэ ихуауэ къилъытэу къидыгъуа пщІэгъуалэр къызэришам хуэдабзэу зейм хуишэжыну зэрыпигъэувар? ПщІэгъуалэр ишэжыну къудейкъым, саур фІыцІэ зытебза адыгэ къамэ Іэпщэхур телъхьэ хуищІынущ. Бын пэпсалъэр мыхьэлэмэтыж щыхъуа нобэрей махуэм диплърэ новеллэм къыщыІуэтар къыщыхъу далэм дыхуеплъэкІыжмэ, узрегъэхъуапсэ лІыжьым и унафэр гъэзэщІа зэрыхъунум зы шэчи къызэрытримыхьэм.

- Іэбжьанэ фІейкІэ упсэуну мурад пщІауэ ара? - мы зы упщІэр унагъуэм илъ зэхущытыкІэми зэрыунагъуэу гъащІэм хуаІэ щытыкІэми и жэуапщ. Лажьи шхэж, зыми зэран ухуэмыхъу, уи пщІэр Іыгъыж, узыгъэсам и пщІэр лъагэу Іэт. Армырамэ... Уи псэм бэлыхьищэр телъу къэбдыгъуа шыр уи напэр сыуэ, уи фэм уипщхьэжу, къызыфІэбдыгъуам хуэпшэжынурэ зыбумысыжынущ, «къысхуэгъэгъу» къикІыу, саур фІыцІэ зытебза адыгэ къамэ Іэпщэхури ІэщІэплъхьэнущ. А щІалэм и гъащІэм а гъуэгуанэм нэхъ гугъу къыхухэхуауэ къыщІэкІынукъым - я пщІантІэм къыдишу къэзакъ къутырым зыша гъуэгур. Шыр къыщидыгъуам лІыгъэ зэрихьауэ илъытами, лІыгъэу хэлъым хуэныкъуэ щыхъужар а гъуэгуанэм техьа нэужьщ. УкІытэрт.

Дауи, гъукІэм и къуэр иужэгъужатэкъым, адэ лъагъуныгъи хуиІэт, щысхьуи, фІэгуэныхь хъууи къыщІэкІынт, ищІар щІалагъэ-делагъэм къызэрыхэкІари къыгурыІуэрт. И гурыщІэхэм япэ иригъэщащ напэр. Хуейт и къуэр цІыху дыдэ хъуну. Нэгум къыщІэгъэхьэгъуейщ и къуэм илэжьа щІэпхъаджагъэр иригъэбзыщІыну а лІым Іулъхьэ иту. Іулъхьэ итащ, и напэр итхьэщІыжыну.

- ГъукІэ Іэзэу къыщІэкІынщ уи адэр? Шэч хэмылъуи лІыфІщ, - къыжреІэ псори къызыгурыІуа къэзакъым. Адэм и Іэпэ къыпыкІа къамэм и дахагъымрэ и цІыху пэжагъымрэ ихьэхуащ хамэбзэкІэ псалъэ, хамэ хабзэ зезыхьэ, хамэщІ къикІа цІыхур. Зи Іэпэ дахэ къыпыкІыр дахэ щІэхъуэпсу псэуращ. Апхуэдэущ абы къызэрыгурыІуэр: къамэм тращІыхь тхыпхъэм и закъуэкъым дахэн хуейр. Иредахэ хьэлщэныр, зэхущытыкІэхэр, гупсысэкІэр, Іуэху зехьэкІэр.

Нало Заур гъащІэм и зы ныбзкъым зытетхыхьар. Хъуреягъым къыщыхъум гупцІанэу пэджэж тхакІуэм езым и унагъуэм игъэунэхуа гуауэри лъэныкъуэ хуегъэзакъым. «Ди адэр зэрагъэтІысар» зыфІища новеллэм къыщыгъэлъэгъуэжар фІища цІэм зы унагъуэ Іуэхуу къыпщигъэхъуми, апхуэдэ гузэвэгъуэр куэдт. Щысхьыншэу цІыхур щагъэкІуэд лъэхъэнэт. А зы унагъуэм и тхыдэмкІэ тхакІуэм ди нэгу щІигъэкІыжащ щІэпхъаджагъэр хабзэ щытыкІэм ирагъэувауэ, хейр мысэ щІыныр пщэрылъ зыщащІыжауэ, лей зехьэныр захуагъэр хъумэным пагъэкІуауэ къэрал псом щызекІуа гъащІэр, ем къызэгуичхэм я гур лажьэ зимыІэм трагъэпщэхэну игъуэ зэрихуар. Псалъэ хэІэтыкІаи мылъыхъуэу, ткІийуэ зыри имыукъуэдийуэ, ауэ щысхьырабгъу зымыщІэ пэжыр къиІуатэурэ, дигъэлъэгъуащ гу къабзэ зыкІуэцІылъ цІыхухэри екІуэкІ далэм хуэкІуэ фэ зытезыгъэлъэдэф пцІыІуэпцІышэ лейзехьэхэри. А лейм и кууагъымрэ зэрышэчыгъуеймрэ къеІуатэ гуузу зи адэ яукІа, иджы гущІыІэ-псэщІыІэхэр «фызабэкъуэкІэ» зэджэ щІалэ цІыкІум и щытыкІэм: «Си псэр шэдыбжь мафІэм пэрылъщ. Си гум шабзэр пхридзащ. Дунейр апхуэдизу гуажэщ, апхуэдизу гуемыІущи, слъэкІамэ, скъутэжынут, уафэ ІупщІэхэр къеджэрэзэхыу, вагъуэхэр къелъэлъэхыу». Сыт хуэдэ псантхуэрэ акъылрэ уиІэн хуей апхуэдэ гуауэм укъыхэхъукІыу, цІыху дыдж умыхъуу, уи лъагъумыхъуныгъэм дунеижьыр зэщІимыщтэу, лъыщІэжыным упымыхьэу, гъащІэ зэщымыщхъур зэтегъэувэжыным упэрыхьэн папщІэ? Аргуэрыжьщи, дэнэ нэс мы дызытепсэлъыхьым литературэр, дэнэ деж ди дуней нэпцІкІэ зэджэм къыщыщІидзэр?

«Ди адэр зэрагъэтІысар» зыфІища новеллэм Заур къыщигъэлъэгъуэжащ къэхъуа залымыгъэмрэ залымыгъэзехьэ лІыгъэтІысхэмрэ, абыхэм къагъэхъуар зи фэм дэкІа насыпыншэхэр. ХабзэхъумэзыфІэзыщыжа хабзэкъутэхэм лъэпкъым зэраныгъэу къыхуахьам и щыхьэтщ мы новеллэр, дегъэлъагъуж къуажи къали гуІэ нэпскІэ зэрагъэнщІар, лэжьыгъэм хэзагъэхэр, псэукІэ зыщІэхэр зэрагъэкІуэдар, цІыхур гъэпудыныр, гъэмэжэлІэныр, щІыІэм егъэсыныр, щхьэзыфІэфІагъкІэ и псэр гъэныныр ІэщІагъэрэ ІэужьузэраІар. Сыту гуауэ зэхуэдэу гугъу зэдехьу дыгъуасэ зэдэлэжьахэр, пцІыупсу къэмыгъуэгурыкІуахэр зыр адрейм щыхьэтнэпцІ хуэхъуным ирахулІэфу зэрыщытар.

Лъэпкъым и щыІэкІэрэ ар къызэриІуатэ бзэм и Іэмалу Нало Заур и новеллэхэм къыщимыгъэсэбэпа къэнакъым. ЩыІэкІэм пэжыныгъэ хэлъу, жыІэкІэм Іэзагъышхуэ хэлъущ къызэригъэлъэгъуар. Ди тхыдэр тщІэжыну дыхуеймэ, абы хэта гуауэмрэ пцІымрэ къытригъэзэну дыхуэмеймэ, ди псэр дузэщІынумэ, псэкІи ІэпкълъэпкъкІи узыншэ щІэблэ дгъэсэнумэ, Нало Заур и псэ лъэщапІэм къыщІэкІа тхыгъэхэм деджэурэ Іущ зытщІыныр зы хэкІыпІэщ. «Къру закъуэ» тхылъ закъуэм фІэкІа щІэдмыджыкІми, гъащІэкІэ зэджэм и фІыпІэм хэша дыхъунурэ ар къызэрыІуэта адыгэбзэ гуащІафІэри дгъэщІэгъуэнущ, лъэпкъыу дыкъызэтенэнущ.

ЩымыІа лІыгъэ зыхэтлъхьэрэ зэрамыгугъэу дыкъыщІэкІатэмэ, зыхуэбгъадэхъун щымыІэу гъукІэ Іэзэ Нало Заур къытхуигъэщІа дунейр нэсу зэдгъэцІыхунти, ХьэкІашэ хуэдэхэм ящІа къру закъуэр щІызэпагъэлъэлъыжын щхьэусыгъуэ щыІэнтэкъым, кІыщ щІыхьэпІэм фІэлъынт гъукІэм я дамыгъэ палъэу... «Нало Заур зыхуеям дыхуэдэкІэ!», - жытІэфыну, ди лъэпкъыр щІэныгъэщІэхъуэпс хъурэ, и анэдэлъхубзэм емылъэпэужу, зэрыхуэфащэу лъэпкъыбзэ ищІыжамэ, БрутІ нэхърэ зыкІи мынэхъ мащІэу ди цІыху телъыджэ димыІэжым и псэр гуфІэнт. Абы и кІыщым къыщызылъэтыхьа хъуаскІэхэр ауэ сытми лыдакъым, езым фІыуэ илъэгъуа и адыгэ лъэпкъым хуэщхьэпэн хуейуэ аращи, къремынэ Налор уэгум къру закъуэу.

**ХЬЭЦІЫКІУ Рае**,
*педагогикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат.*

# ІЭПЩЭ Анзор: Пшынэ сыщеуэкІэ, сыкъыхохутэ щІыуэпсым

**Лъэпкъым теухуауэ куэд къыбжеIэ абы и щIалэгъуалэр зыхуэдэм. Хабзэ хэлъ, нэхъыжь илъытэрэ, щэнхабзэм дихьэхрэ? А псор гъэсэныгъэкIэ зыхалъхьа щыIэщ. Лъэпкъым диIэщ адыгэныр зи лъым хэт ныбжьыщIэхэри. Апхуэдэхэр лъэпкъ хьэзырщ - гукIи, псэкIи, гупсысэкIи, Iуэхук Iи зыщыщыр зыхащIэ. Лъэпкъым теухуауэ гугъэшхуэ къозытхэм ящыщщ иджыблагъэ псэлъэгъу тхуэхъуа, ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ щыщ Iэпщэ Анзор. Ар пшынауэщ, Налшык гъуазджэхэмкIэ институтым хэт колледжым макъамэр щедж. УсакIуэ ныбжьыщIэщ, и тхыгъэхэм къабзагъи, лIыгъи, гухэлъи къыхэщу. НыбжьыщIэм и гупсысэхэм фыщыдогъэгъуазэ ди гуапэу.**





**- Пшынауэ ухъуныр сабиигъуэ хъуэпсапIэ, хьэмэрэ...**

- СызэрыцIыкIурэ «Играй, гармонь» нэтыным сеплъырт, зэи дэзмыгъэхуу. Мыри жаIэж: сыцIыкIуу сабий хьэпшып къытхуащэхуну тыкуэным дыщIашат. Машинэ цIыкIухэм, нэгъуэщI зэрыджэгу хьэпшыпхэм сыхагъадэрт. Ауэ сэ псоми саблэплъыкIри, адэ къуагъымкIэ къыкъуэщ-къыкъуэмыщу къуэлъ пшынэ цIыкIум си нэр техуащ. Ар къыхэсхащ къысхуащэхуну.

**- Пшынэ еуэн зэрыщIэбдзэрэ куэд щIа?**

- Си адэр пшынэ еуэу щыташ нэхъапэхэм, иджы еуэжкъым. Тырныауз къыщалъхуащ. Абы Бэч Iэсият пшынэм щыхуигъасэрти, зыхригъэтхат. Хэтхэр хъыджэбз цIыкIу защIэти, зы илъэскIэ абы кIуауэ къыхэкIыжауэ щыташ, ар и щхьэусыгъуэу. ИужькIэ, си адэр ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ къэIэпхъуэжащ. Бэч Iэсияти Ислъэмей Iэпхъуэжат.

ИужькIэ, илъэс 20 дэкIауэ, си анэшхуэр хуэзащ си адэм и егъэджакIуэу щытам. Сэ абы щыгъуэ илъэси 8 сыхъурт. Нанэ Iэсият си гугъу хуищIащ, пшынэ сеуэну сызэрехъуапсэм и хъыбари жриIащ. Телефонхэр зэIэпахащ, и деж сашэнуи зэгурыIуащ. 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м сэ Бэчым и деж сыкIуащ, абы Ислъэмей къуажэ школым макъамэр щригъэджырт. А махуэр быдэу си гум изубыдащ. Мы гъэм илъэс епщIанэ мэхъу пшынэ еуэн зэрыщIэздзэрэ.

Iэсият нотэкIэ дигъасэртэкъым, атIэ езым и Iэмал щхьэхуэ къигупсысауэ, бжыгъэхэмкIэ дригъаджэрт. ИлъэситIкIэ абы и деж сыкIуауэ, «Сэ уэзгъэщIэнур уэзгъэщIащ», - жиIэри, езым и чэнджэщкIэ, Бахъсэн макъамэ школым сыщIэтIысхьащ. Школ дерсхэм яужьт абы сыщыкIуэр. Апхуэдэурэ илъэситхукIэ сыщеджащ. Курыт школыр къэзухри, Налшык гъуазджэхэмкIэ институтым и колледжым сыщIэтIысхьащ, пшынэм щыхуагъасэ гупым сахэту. Абы етIуанэ курсыр къыщызухащ.

Си адэр, зэрыжысIащи, пшынэ еуэжкъым. Ауэ, сэ сыщеуэкIэ, зыщIыпIэ деж щыуагъэ хэсщIыхьамэ, зэуэ гу лъетэ, зэрыщытын хуейри къызжеIэ.

**- Колледжым ущеджэну гъэщIэгъуэн?**

- ЕджапIэм диIэщ «ШыкIэпшынэ» макъамэ ансамбль. Пшынэ, пшынэдыкъуакъуэ, пхъэцIыч, Iэпэпшынэ щеуэ гупым хэт пшынауэхэр щы дохъу. Ансамблыр Iуэхугъуэ куэдым дыхэтщ. Бжыхьэм Мейкъуапэ, Шэшэным фестиваль дыщыIащ. Осетием дызэрыкIуэрэ, Дагъыстэным дыкъызэрикIыжрэ куэд щIакъым.

Пшынэм нэхъ тегъэщIауэ деджэ щхьэкIэ, нэгъуэщI макъамэ Iэмэпсымэхэми зыдогъасэ. Псалъэм папщIэ, балалайкэм, пианинэм, дирижированием хыдощIыкI, абыхэмкIи экзаменхэри дот.

**- Ди пшынауэ нэхъыжьхэм ящыщу хэт нэхъ уи гум дыхьэр?**

- БырмамытI Гуащэкъарэ. Абы и пшынэ еуэкIэм зыри пэсщIыркъым, апхуэдизкIэ и Iэзагъыр зыхызощIэри. Пшынауэ бзылъхугъэм теухуауэ куэд сыкъеджащ, езым жиIэжхэм седэIуэжащ, нэтынхэм сеплъащ.

**- Пшынауэ нэхъыжьхэр зэреуэу щытам иджырейр къыщхьэщыкIыу къыщIэкIынущ...**

- Нэхъапэм диIа пшынауэхэм нотэхэр ящIэртэкъым. Езыхэм зрагъэсэжырти, гурыгъуазэкIэ дахащэу еуэрт.

Къапщтэмэ, нотэм зэфIэкIым зрегъэужь. Классикхэм я макъамэхэм уеуэкIэрэ, уи Iэпхъуамбэхэр пшынэ Iэпэм хуэIэкIуэлъакIуэ мэхъу. Дэ колледжым макъамэу тху зэкIэлъхьэужьу дыщеуэн хуеймэ, щыр классикэщ. Абы лъэпкъ макъамэхэр къакIэлъокIуэ.

**- Иджырей адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм макъамэр зэрыхэувэм и гугъу къытхуэпщIын?**

- Иджырей хьэгъуэлIыгъуэм зиуужьащ. Нэхъапэхэм зы пшынауэ закъуэкIэ хьэгъуэлIыгъуэ дахыу щытамэ, иджы ансамбль псо макIуэ. Пшынауэ, бэрэбэнауэ, пхъэцIычауэ, уэрэджыIакIуэхэр зэщIыгъумэ, Iуэхур дахэ мэхъу.

**- Анзор, уи бзэр зэрыкъулейр зыхыбощIэ ущыпсалъэкIи, уи усэхэм укъыщеджэкIи. Хэт абыкIэ щапхъэ пхуэхъур?**

- Къуажэм ущыдэскIэ, анэдэлъхубзэр умыгъэшэрыуэу хъурэ?! Адыгэ усэхэм сытым дежи сфIэфIт сыкъеджэну. Интернетми куэд ущыхуозэ. Псалъэм папщIэ, ХьэIупэ Заур интернетым щиIэ напэкIуэцIым седжэн сфIэфIщ, абы адыгэ дунейм удезыгъэхьэх куэд кърелъхьэ. Си фIэщ хъуркъым сызэмыплъа итуи. ХьэIупэ ДжэбрэIил деж сыкIуэри, сыбгъэдэсащ, зэман къыстригъэкIуадэу лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ я гугъу къысхуищIащи, гуапэу си гум къинащ.

**- Узэрыадыгэм урогушхуэ...**

- Нэхъыбэу сызэрыгушхуэр иджырей адыгэракъым, атIэ щыIаращ. Абы яхэлъа хабзэр, нэмысыр, бзэ къабзэр - аращ сфIэдахэр.

**- Усэныр дауэ уигу къихьат?**

- Илъэс ещанэ хъууэ аращ усэ тхын зэрыщIэздзэрэ. Пшынэ ущеуэкIэ, гупсысэ куэди уи гум къохьэ, зыгуэрхэм зыбопщыт, щIэщыгъуэ къэбгъэщIыну ухуейщ. Макъамэ къэзгупсысати, псалъи щIэзгъэувэну си гум къихьащ. Апхуэдэурэ, сыдихьэхащ. Иджы къыддеджэхэм макъамэ зэхалъхьэмэ, сэ псалъэ яхузотх. Ар зэгъусэу жытIэурэ идогъэтх, апхуэдэурэ зыдогъасэ. Стхыхэм яхэтщ уэрэду згъэпсаи усэ къабзи. Усэр макъамэ щыхуэныкъуэ щыIэщ, моуэ уэрэду гум къиIукI хуэдэу. Усэм езым и хьэлыр гъэщIэгъуэнщ - гупсысэ гуэрхэр щыпкIэрымыкIым деж, ар тхылъымпIэм бохьри, уи гур мэпсэху.

**- Ди адыгэ усакIуэхэм ящыщу хэт и тхыгъэхэм нэхъыбэрэ уеджэрэ?**

- Бещтокъуэ Хьэбас, ХьэIупэ ДжэбрэIил сымэ я усэбзэр хуабжьу си гум дохьэ, къытезгъэзэжурэ соджэ.

**- Пшынэр богъэIэрыхуэ, усэбзэр пIурылъщ. Иджыри сытым удихьэхрэ?**

- Хадэм ситыну, силэжьыхьыну сфIэфIщ икъукIэ. Жыг дэзгъэкIэну, удз къэзгъэкIыну, зыгуэрхэр хэссэну, сакIэлъыплъыну сыдехьэх. «Къуажэм си псэр щотынш, щIыуэпсым сыпэгъунэгъущи. Псом япэу си нэр зытехуэр бгыхэрщ. Ди къуажэм и хъуреягъыр бгыщи, сащеплъкIэ си гур хохъуэ.

**- Анзор, пшынэ ущеуэм деж сыт зыхэпщIэр?**

- ЩIэныгъэлI Черниговская Татьянэ жеIэ мыпхуэдэу: «Музыкантхэм дунейр зэралъагъум хуэдэу зыми илъагъуфынукъым». Пшынэ макъым уедэIуэныр фIыщ, ауэ уэ езыр ущеуэм деж уи гум и «зыщIыкIэри» нэгъуэщIщ. Сэ пшынэ сыщеуэкIэ, сыкъыхохутэ щIыуэпсым.

**- Тхьэм уигъэпсэу!**

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

*Гу зылъытапхъэ:* ***усакIуэ ныбжьыщIэм и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зыбжанэ нобэ фыщыдгъэгъуэзэну ди гуапэщ.***

## Пшынэ

**Пшынэ фIыцIэр гъащIэм си Iэпэгъуу,**
**Идохьэк I зэгъусэу махуэ къэс.**
**Сынэщхъеймэ, гуауэр**
**къыздегуэшыр,**
**СынэщхъыфIэм, фIыгъуэр къыздеIэт.**

**Си насыпыр къыщежьари пшынэрщ,**
**ГъащIэм гъуэгу абы хызигъэшащ.**
**Срогушхуэ сэ жысIэну ину:**
**Сэ IэщIагъэ сщIынур пшынэращ!**
*25.04.2021 - 27.10.2022*

## Унэбзу

**Тесщ бжэщхьэIум унэбзу,**
**ПщIантIэр зэпеплъыхьри,**
**ЗеутхыпщIыр унэбзум,**
**Уи ни уи пи ихьу.**

**И ныбжьэгъухэм зэ яхоплъэ,**
**Зэм къеплъыхьыр унэр.**
**Сыту пIэрэ и гум илъыр?**
**Сыт зэхъуапсэр и нэр?**

**Къыздишауэ зэми гъусэ,**
**Я кIэр ягъэсысу,**
**Я пэ цIыкIухэмкIэ теуIуэу,**
**Бзухэр зэдоусэ.**

**Бзу цIыкIуитIым къыздрашыр**
**Уэрэд куэд жьгъруүэ.**
**Гъатхэу, щIылъэр къыщыушым**
**ЩIохъуэпс дахэм псори.**

**Бжьыхьэр къэсмэ, адрей бзухэр**
**Жыжьэ лъэтэжынущ.**
**Ауэ сэ си унэбзухэр**
**БжэщхьэIум тесынущ.**
*28.05.2021*

* * *

**Нобэ махуэр - щихущи,**
**Пщэдей махуэр - псейщ.**
**АдкIи зыгуэр щыIэщ,**
**Ауэ согужьей.**
*16.04.2021*

* * *

**Зэзэмызэ къокIуэ усэр,**
**Зэми мэбзэхыж.**
**ЩIыпIэ куэдым къыщекIухьри,**
**Си деж къопсыхыж.**

**Сэ а усэр си щхьэм илъщи,**
**Зыри сымыщIэж.**
**Ар тхылъымпIэм къытехьэхукIэ,**
**Псэм псэху имыIэж.**
*2021*

## Псэ дахагъэ

**Дунейм пщащэ дахэ щымымащIэ,**
**Узэплъын умыщIэу куэдрэ къохъу.**
**Ауэ гур зылъыхъуэм, зыкъуигъащIэу,**
**ГъащIэм зэ уIумыщIэнкIэ мэхъу.**

**Дахэм и дахагъэр зэман Iуэхущи,**
**Игъуэ нэсмэ, ари кIуэдыжынщ.**
**Ауэ псэ дахагъэр мыкIуэд нэхущи,**
**Псэр щыIэху, дахагъэри щыIэнщ.**

**Псэлъыхъугъуэ хъуауэ**
**къыщыплъыхъуэм,**
**ТхьэIухудым зыдомыгъэхьэх.**
**И гупсысэр дахэм ууейм техуэм,**
**Ущыуэнкъым, пщащэу ар къыхэх.**

**ЖиIащ Iущым:**
**«Фи Iуэхур хэплъэгъуэщ»,**
**Бетэмалу ущыуэнкIэ мэхъу.**
**Ауэ уи гум жиIэм нэхъ тепщIыхьмэ,**
**Сыт нэхъыфIыр къыпхуэзэм уи псэгъу?!**

## Иджырей дуней

**Тобэ... цIыхухэр зэкIуэкIа?**
**Соплъри къысхуэмыщIэ.**
**Бзэм нэхъ дахэр дадзэжащ,**
** Аращ я щхьэм и пщIэр.**
**Модэ... хамэ бзэр нэхъыфIщ,**
**Абы уегъэкIуатэ,**
**Ар полъэщыр Iэджэ фIым,**
**Куэди къыпхуеIуатэ.**

**Аращ жаIэр иджырейм,**
**Хуэмеижу я бзэм:**
**«Гугъущ дэ ди бзэр, хэти хуей,**
**Нэхъ тфIэтыншщ хамэбзэр».**

**Мис, я бынхэм ямыжагъуэу**
**Йоплъыр таурыхъ хамэ.**
**Зэман докIри, ягъэщIагъуэ:**
**Хъуащ анэбзэр хамэ.**

**Хуэму ар яIэщIохужри,**
**Мэхъу бзэмыIу езыхэр.**
**Бын мыгъасэм ягъэсэжри,**
**Унэм бзэр щымыIу.**

**Апхуэдэххэу ди адыгэр**
**Хамэм хошэпсыхь.**
**Гу лъамытэу къызэрыхъум,**
**Куэд хъум хозэрыхь.**

**Бзэ уимыIэм улъэпкъыжкъым,**
**Арщ дызэлъытар.**
**Пщыгъупщэжмэ, зомыIэжьэу,**
**Джыжыт тхьэм къуитар!**
*17.05. – 17.06. 2022*

* * *

**Сэ слъэгъуат зы пщащи,**
**Ещхьыркъабзэт гуащэм.**
**И теплъэм хуэдабзэу,**
**И гуи, и пси къабзэу.**
*08.12.2022*

* * *

**Гъатхэщ.**
**Уэшх нэужьщ.**
**Си псэм фIэфI акъужь**
**Къыкъуэуащи, сэ сегъэгумэщI,**
**Си гум и макъамэу зы къудамэм,**
**Зы ткIуэпс къабзэм**
**си нэр егъэплъыз.**
**ЛъэмыкIыжу гущIэр зыгъэгыз**
**Псори зыхуэкIуэжыр - гукъэкIыжщ...**
*2022 - 2023*

## Си пшынэ макъыр

**ЖэщкIэ жыжьэ мэIур.**
**Уэ пхуэгъэпсауэ куэдрэ**
**Ар мэудж.**
**Уджым дыхэту**
**Нэгум укъыщIохьэ,**
**Хьэ банэ макъым**
**Жэщыр ещIыр дыдж.**
**Си пшынэ макъыр**
**ЖэщкIэ зэрощэщыр,**
**Мэщащэ, гугъэу**
**Уэ къэпщыпыжын.**
**Уи шыкIэпшынэр**
**Дежьууэ си пшынэм,**
**Сыхуейщ си гъащIэм**
**УкъеуджэкIын.**
*12.05.2023*

* * *

**Мазэр изыбзэу,**
**Сигу ущыпсэууэ,**
**Гъатхэр блэкIауэ,**
**Сигу укъэкIауэ,**
**Зыри умыщIэу,**
**СызыхомыщIэу...**
**Мазэр къыстопсэ,**
**Псэм укъыщопсыр,**
**Жэщыр хокIуатэ,**
**Си гур мэятэ,**
**Уэрамыр нэщIу,**
**Дэ дызэрыщIэу,**
**Укъыполъадэ**
**Си гум щIэрыщIэу,**
**Ущоджэрэзыр**
**Си гъащIэ мэзым,**
**ЗэкIэ зырызми,**
**Псэхэр зэрыщIэу,**
**Нэгум къыщIохьэ**
**Узищхьэгъусэу...**
*1.06.2023.*




● Псэущхьэ

# Аслъэн

Джэду лъэпкъщ, хьэкIэкхъуэкIэ шэрыпIщ. ПIащэщ, и лъагагъыр см 120-м, и хьэлъагъыр кг 280-м нос. И щхьэм, и бгъэм ехыу цы бэлацэ тетщ. Аслъэныр япэ зэманым щIыпIэ куэдым щыпсэуащ, ди лъахэри хиубыдэу. Иджыпсту Африкэм и щIыпIэ щхьэхуэхэмрэ Индием и щIыналъэмрэ щыIэщ.

Ар нэгъуэщI псэущхьэхэм йощакIуэ, и закъуэуи, гупу зэгъусэуи. Унэ Iэщхэм щатеуэ щыIэщ. Аслъэныр къаруушхуэ зыхэлъ псэущхьэщ икIи зыхуэзам и инагъым емыплъу тоуэ. Абы псэущхьэ пIащэм (щыхь, хыв, домбей) и зэ уэгъуэм, и тхыцIэр зэпеудри, и псэр хухеуд. Языныкъуэхэм гупым я пашэ аслъэным адрей и гъусэхэр зэбгрехури, къащэкIуа псэущхьэр и закъуэу ешх. Езыр ирикъуа нэужьщ адрей аслъэнхэр къыбгъэдыхьэну хуит щищIыр.

А псэущхьэр илъэс 30 - 35-рэ хуэдизкIэ мэпсэу.



● ЖыIэгъуэхэр

## Зэманым псори здехь

♦ЦIыхум игу къыпхуилъыр и натIэм къызыпхивтэмэ, гъуанэу пхиудыжынти.
♦Зэманым псори здехь: зым гу щимыхуауэ, адрейм фIэмыIэфIыжу.
♦И зэманым ипэ ищар цIыхум щIагъуэу къагурыIуэркъым, къыкIэрыхуам зэманыр здэкIуэр къыгурыIуэжыркъым.
♦КъэдгъэщIамрэ къытхуэнэжамрэ зэхуэдизыбзэщ: тIури бжыизщ.
♦Ужьыхыжынур занщIэу къолыд, блэнур тIэкIу-тIэкIуурэ къызэщIонэ.
♦Уи яужь зыкъизынэнури, уи япэ ищынури чэнджащэркъым.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Шхыныгъуэ

# ЛыцIыкIулыбжьэ, шатэпскIэ щIауэ



ЛыпцIэр г 15 - 20 хъу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным е тебэ куум иралъхьэ, псывэ щIакIэ, шыгъу тIэкIу халъхьэри, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр щабэ ящI, тебащхьэр трапIэжри, лыр щабэ хъухукIэ, псыри щIэвэщIэхукIэ ягъавэ.

ИтIанэ нартыху дагъэ щIакIэ, мафIэр нэхъ ин ящIри, зэIащIэурэ ягъажьэ тхъуэплъ хъуху, тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта бжьын, бжьыныху халъхьэри, зы дакъикъэ нэскIэ ягъажьэ. КъыкIэлъыкIуэу шыбжий хаудэри, зэIащIэурэ ягъажьэ, псори тхъуэплъ дахэ хъуху. А псоми, зэIащIэурэ, шатэпс щIакIэ.

Тебащхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Хьэзыр хъуным дакъикъи 8 - 10 иIэжу халъхьэ щабэу уба бжьыныху. Хьэзыр хъуа лыцIыкIулыбжьэм и фэр гъуэжьыфэу, тхъу мащIэ и щхьэм тету, мэ гуакIуэ къыхихыу щытын хуейщ.

Пщтыру тепщэчхэм иралъхьэри яшх, пIастэ е мырамысэ хуабэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* танэлу - г 500, псывэу - г 100, нартыху дагъэу - г 80, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50, бжьыныху укъэбзауэ - г 15, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● IуэрыIуатэ

## Хъуэхъу

Зыпщ гуэрым къуэ къыхуалъхуати, хьэщIэ къыхуепсыхауэ здэхъуахъуэм, Къэзанокъуэ Жэбагъы пщым и жылэмкIэ зэрыблэкIыр къыжраIащ.

- Жэбагъы дгъэхъуэхъуэнщ, - жари хьэщIэщым ирашащ:

- Пщым ехъуэхъу, Жэбагъы, къуэ къыхуалъхуащ, - жаIэри.

- Нобэ дунейм къытехьа щIалэр хьэнэу, джэдыпэу, фызыгуу, и цIэкIэ къемыджэу гъэпсэу! - жери хъуахъуэщ, шэсыжри и гъуэгу техьэжащ Жэбагъы.

Гупыр егупсысри, Жэбагъы и хъуэхъур зэхащIыкIакъым.

- Къыдохъуэхъу жытIэурэ къыдэхъуэнащ: фыкIуи къевгъэгъэазэ, - жари Жэбагъы шу лърагъэжьащ.

Жэбагъы жиIащ:

- Хьэм и нэм нэхърэ нэхъ жан щыIэкъым, джэдым и пэм нэхъ шэрыуэ щыIэкъым, жьэгум щыдэсым деж фызым нэхърэ нэхъ гушхуэ щыIэкъым, нэхъыжь щхьэщытыху, щIалэм и цIэкIэ еджэркъым. Нобэ дунейм къытехьа щIалэр нэ жан, шэрыуэ, гушхуэ зыкIуэцIылъ ирехъу, и нэхъыжь куэдрэ къыщхьэщрет. Аращ сызэрехъуэхъур.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* 1. Алыхьым щелъэIукIэ къабж нэмэзыбзэ. 3. ЦIыху щыгъупщэх. 7. Къэушырыба, къэпща. 8. Пасэрей зауэлI джанэ. 9. Нало Заур и япэ IэщIагъэр. 11. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. 16. ЦIыху Iэл, IэубыдыпIэншэ, гущIэгъуншэ. 17. Зипкъ цIынэхэр яукъэбзурэ яшх къэкIыгъэ. 18. НапIэзыпIэ. 20. Шы зимыIэм ... къещэху. 21. ХадэхэкI.

*Къехыу:* 1. Европэм хиубыдэ къэрал 14-м я щIыналъэхэм щежэх псы. 2. А цIэр зэрихьэу къуажэ зырыз щыIэщ ди республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми. 4. Пщэдейрей ... нэхърэ - нобэрей бзу. 5. Бжэныфэм къыхах Iуданэ. 6. Диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис хъыджэбз. 10. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. 12. Лы ефар къебэ-... я унэмкIэ мэджэджэж. 13. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу драматург, уэрэдус, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. 14. Банэ папцIэ куэд зытет къэкIыгъэ. 15. Ахъшэ жыгъей. 19. Пхъэщхьэмыщхьэ.

Зэхэзылъхьар МЫЗ Ахьмэдщ.

**Бадзэуэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкIуэкIыу:* 1. Дзасэ. 3. Блэ. 5. Псыжь. 10. Бжэн. 11. Хьэкъун. 12. Пхъэ. 14. Дэп. 15. ЦIыжьдадэ. 17. Къашыргъэ. 21. Хьан. 23. Хъуэхъу. 24. Амыщ. 25. Пшэр. 27. Тхьэв. 28. Деж. 29. Нэкулъ.

*Къехыу:* 1. Дзэхупс. 2. Собэ. 4. Лу. 6. Синд. 7. Жьэгъупс. 8. Хьэжы. 9. Нэгъуд. 13. АдрыщI. 16. Ахъмэт. 18. Арыкъ. 19. Гъашэ. 20. Тхъуэплъ. 22. Надэ. 23. Хъурмэ. 26. Яе.

● Прозэу тха усэхэр

## МэкъумэшыщIэмрэ факъырэмрэ

Къалэм IуэхукIэ къэкIуа лэжьакIуэлIым зы факъырэ къыпоув:

- Си хьэтыр къэлъагъу, къыздэIэпыкъу!

- Сыт сэ пхуэсщIэфынур?

- Сшхын сиIэкъым...

Факъырэр зэпиплъыхьмэ, езы лэжьакIуэлIым нэхърэ нэхъ щIалэт икIи нэхъ пIащэт.

- Хъунщ, - жиIащ лэжьакIуэлIым, - сыбдэIэпыкъунщ, накIуэ.

Факъырэм и Iэблэр еубыдри, асфальтыр иухыхукIэ ешэ. Асфальтыбгъум щынэсым къоувыIэри:

- Мыр плъагъурэ? Мыр щIыщ. ЩIым зыуэ ептыр щэуэ къуетыж. - И жыпым зы нартыху хьэдзэ кърех. - Мыри плъагъурэ? Мыр жылэщ. Узот. Хэсэ. Хьер пхухъу, - жиIэри, къемыплъэкIыу, ежьэжащ лэжьакIуэлIыр.

## Лъагъуныгъэр зищIысыр...

Айседорэ Дункан автомобилыр зыхилъхьэ щыIэтэкъым.

Хемингуэй щакIуэ ехьэжьати, къалэмыр зэригъэтIылъу, фочымкIэ Iэбэрт.

Фолкнер шыкIэ ерыщт.

Айседорэ автомобилым текIуэдэжащ.

Хемингуэй Iэщэм ихьащ.

Фолкнери шым къридзыхри иукIащ.

Лъагъуныгъэр ажалым къыпачаи, дэ дымыщIэ щхьэкIэ. ЦIыхум сыт нэхъуеиншэу ильагъуми - абы хэлъу къыщIокI и ажалыр...

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● ГушыIэхэр

## МыбыкIэ сыкъамыгъэкIуэжыну пIэрэ?

Хъуэжэ илъэситхукIэ Сыбырым щыIэн хуейуэ суд къытращIыхьат. «ПцIы яхуиупсри, цIыхухэр къызэригъэIэтащ», - жаIэри арат тезыр къыщIытралъхьар.

Судыр и кIэм щынэсым, судыщIэм Хъуэжэ иужь псалъэ жиIэжыну хуит ищIащ. Хъуэжэ жиIащ:

- А сыздэвгъакIуэми цIыхухэм пцIы яхуэзупсрэ къызэрызгъэIэтмэ, мыбыкIэ сыкъамыгъэкIуэжыну пIэрэ?

## ПщIыхьэпIэ

Хъуэжэ Iэзэм деж кIуэри жриIащ:

- ЩIэрыкIуэ згъажьэу сепщIыхьащ, сытым хуэпхь хъуну?

- Ар къэсщIэн щхьэкIэ, джэд фIыцIэ сыхуей хъунщи, уи пщIантIэм дэт джэдым щыщ зы укIи къысхуэхь, арыншауэ схуэзэхэгъэкIынукъым уи пщIыхьэпIэр, - къыжриIащ Iэзэм.

Хъуэжэ и щхьэм щIэтIэхъуащ:

- Си пщIантIэм джэд дэтатэмэ, щIэрыкIуэ згъажьэрэт, - жиIэри.

МАХУЭ Iэлисэхь.

# Пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь

**Бахъсэнёнкэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIащ пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь. Ар теухуауэ щытащ адыгэ макъамэ лъэпкъ щэнхабзэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ абы зегъэужьынымрэ.**

ПШЫХЬ гуапэм щагъэзэщIащ КъБР-м и цIыхубэ артист, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэ уэрэдыжьхэм хуэIэкIуэлъакIуэу щыта, IуэрыIуатэдж цIэрыIуэ КъардэнгъущI Зырамыку зэхуихьэсыжа пасэрей адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэр. Зэхыхьэр ягъэдэхащ «Кавказ», «Шэджэм псыкъелъэхэр» цIыхубэ уэрэджыIакIуэ ансамблхэм, «Ветеран» ансамблым хэт Елмэс Анатолэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Зеушэ Iэуес, уэрэджыIакIуэхэу ШыкIэбахъуэ Ислъам, Дэдэхъу Рэмэзан, Нартокъуэ Мухьэмэд сымэ. Зеушэ Iэуес пшыхьым и хьэщIэхэм тыгъэ яхуищIащ «Сборник адыгских народных песен из репертуара Зарамука Кардангушева» тхылъыр.

Зэхыхьэ дахэм хэтахэм ягу къагъэкIыжащ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм и фIыгъуэр зэхуэхьэсыжыным зи гъащIэр теухуауэ щыта КъардэнгъущI Зырамыку. Абы хуэдэ щIэныгъэлIхэм я фIыгъэкIэ ди деж къэса адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьхэм куэд къыпхуаIуатэ. Лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, адыгэм къикIуа гъуэгуанэр къызыхэщ а уэрэдыжьхэм уедэIуэну куэд и уасэт. Уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ щыхьэт техъуэрт фIыр ем зэрытекIуэм, лъэпкъым бэлыхь куэд зэришэчам, зи цIэр жыжьэ Iуа лIыхъужь щхьэмыгъазэхэр адыгэм зэрикуэдам. Къэбгъэлъагъуэмэ, апхуэдэхэт куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Нэсрэн ЖьакIэ», «Бэдынокъуэ», «Нартыжь уэрэд», «Уэзы Мурат», «Лашын и уэрэд», «Нэхущ удж», «Си къуэш си пщафIэ», «Iуащхьэмахуэ», «Гуащэгъагъ», «Iэдииху», «Iэлъын цIыкIу», «Истамбыл», «Сэнджэлей», нэгъуэщI уэрэдхэри.

Зэхыхьэм и къызэгъэпэщакIуэ, ЩэнхабзэмкIэ унэм и методист Зэгъэщтокъуэ Людмилэ зэрыжиIамкIэ, я къалэн нэхъыщхьэр щIэблэр уэрэдыжьхэм щыгъуазэу къэгъэтэджынырщ. Пшыхьым иджыри зэ наIуэ къищIащ анэдэлъхубзэкIэ сабийр зыщIагъэдэIу гущэкъу уэрэдхэр, нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ щIэблэм гъэсэныгъэ дахэ етынымкIэ, ахэр тхыдэм щIэпIыкIынымкIэ зэрыщхьэпэр.

Пшыхьым и хьэщIащ щIыналъэм и унафэщIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Гъуазджэ



# «Спартак-Налшыкыр» къыдэщIхэм трагъэгушхуэ

● Футбол




*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым и «Б» зонэм щыIэну зэхьэзэхуэм нобэ щIедзэ. Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м Налшык и «Спартак» стадионым ди щIалэхэм къыщрагъэблэгъэнущ Владикавказ и «Алания-2» командэр.*

*Зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу, вэсэмахуэ, «Спартак-Налшыкыр» зэрыщыту Iуащ къыдэщIхэм. Абыхэм я зэпсэлъэныгъэр купщIафIэт икIи хэкIыпIэфIхэр къызэралъыхъуэт. УпщIэхэри жэуапхэри и щыхьэтт зым адрейм пщIэ зэрыхуищIым икIи куэдкIэ лъэныкъуэхэр зэрызэщыгугъым. КIыхьу екIуэкIа псалъэмакъым нэхъ хьэлэмэту къыщытщыхъуахэм фыщыдогъэгъуазэ:*

**- Фызыхыхьэ зэпеуэм сыт хуэдэ мурадхэр щывиIэ? Дыщыгугъ хъуну ерыщу фебгъэрыкIуэну, фи джэгукIэ дахэмкIэ дэрэжэгъуэ къыдэфтыну?**

- Ди джэгукIэр щIэх-щIэхыурэ дохъуэж икIи абы Iэмал къыдет хьэрхуэрэгъухэр дгъэбэлэрыгъыну, ехъулIэныгъэхэр зыIэрыдгъэхьэну. Къапщтэмэ, блэкIа зэхьэзэхуэм топ куэд щыдэдгъэкIыну тхузэфIэкIащ. ДяпэкIэ дызыхущIэкъун хуейр нэхъ мащIэ къызэрытхудагъэкIынращ. Абы долэжь. Ди мурадщ адэкIи ди къару псори джэгупIэ губгъуэм къиднэну.

**- МылъкукIэ фи Iуэхухэр дауэ щыт?**

- Дэтхэнэ зыри хуейщ мылъку нэхъыбэ къратыну. Дэ абы и Iуэху зыдохуэ. УлахуэкIэ щIыхуэ ттелъкъым, ар псом ящхьэщ.

**- ЩIэзыдзэ зэхьэзэхуэм къалэн пыухыкIахэр щыфхуагъэува?**

- Дызыхэт гупым дыщытекIуэну дыхущIэкъунущ.

**- Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокым ехьэлIа зэхьэзэхуэм щыщIэвдзэнур дапщэщ?**

- ЗэкIэ зэхэкIакъым абы теухуа зэхьэзэхуэм дэ дыщыхьэнур дапщэщми. ЗэрыжаIэмкIэ, шыщхьэуIу (август) мазэм зэпеуэр зэхаублэнущ.

**- ХъутIэ Анзоррэ Дэхъу Ислъамрэ «Спартак-Налшыкым» зэрыхэкIыжам теухуауэ сыт къыджефIэфын?**

- Щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ, я Iуэхур нэхъ щыдэкIын абыхэм къалъыхъуэ. Дыщыгугъынщ, ахэр зэрытхэкIыжар гупым и джэгукIэм зэран хуэмыхъуну. НэгъуэщIхэр къэтщтэнщ, дгъэсэнщ. Псалъэм папщIэ, щIалиплI зыхэдгъэхьакIэщ. Ахэр Кърымым къикIыжа гъуащхьэтет Къумыкъу Аслъэнбий, топджэгухэу Блий Елдар, Гуэгузокъуэ Андемыр, Березов Давид сымэщ.

*Псалъэмакъым и кIэухым «Спартак-Налшыкымрэ» абы къыдэщIхэмрэ зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ икIи къызэрыгъэгугъащ футболистхэм я къару псори джэгупIэ губгъуэм къыщагъэнэну, къыдэщIхэм зэралъэкIкIэ гупыр трагъэгушхуэну.*

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.576
Заказыр №1523

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Николькэ уэрам, 5-А